

**ANALISIS SOSIOLOGI LAN PENDHIDHIKAN KARAKTER ING  
ANTOLOGI GEGURITAN *TEGAL NGRAJUG* ANGGITAN MAUFUR  
SARTA KANCA-KANCA MINANGKA BAHAN AJAR PIWUCALAN  
BASA JAWI ING SMA**

**ARTIKEL TESIS**

**Kangge Hanjangkepi Saperangan Syarat Anggayuh Drajat Magister**

**Program Studi Pendidikan Bahasa**



**KASUSUN DENING :**

**GENI PURBATINI**

**NIM. 1781100033**

**PROGRAM PASCASARJANA  
UNIVERSITAS WIDYA DHARMA KLATEN**

**2019**

PASARUJUKAN


ANALISIS SOSIOLOGI LAN PENDHIDHIKAN KARAKTER ING  
ANTOLOGI GEGURITAN *TEGAL NGRAJUG* ANGGITAN MAUFUR  
SARTA KANCA-KANCA MINANGKA BAHAN AJAR PIWUCALAN  
BASA JAWI ING SMA

Dening

Geni Purbatini

NIM 1781100033


Sampun pikantuk Pasarujukan dening Pembimbing

	Tapak Asma	Tanggal
Pembimbing 1		23/08 2019
Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum	.....	.....
NIP. 19600412198901 1 001		

Pembimbing 2		23/08 2019
Dr. Hersulastuti, M.Hum	.....	.....
NIP. 19650421198703 2 002		



Kauningan

  
Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum

NIP. 19600412198901 1 001

PANGESAHAN





ANALISIS SOSIOLOGI LAN PENDHIDHIKAN KARAKTER ING  
ANTOLOGI GEGURITAN *TEGAL NGRAJUG* ANGGITAN MAUFUR  
SARTA KANCA-KANCA MINANGKA BAHAN AJAR PIWUCALAN  
BASA JAWI ING SMA

Dening

Geni Purbatini

NIM 1781100033


Sampun dipunsarujuki lan dipunsahaken dening Tim Panguji

Jabatan	Nama	Tapak Asma	Tanggal
1. Pangarsa	: Dr. Iswan Riyadi, M.M NIP. 19600401198611 1 001		19/09 2019
2. Panitra	: Dr. Endang Eko Djati S, M.Hum NIK. 690 886 103		19/09 2019
3. Penguji I	: Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum NIP. 19609412 198901 1001		19/09 2019
4. Penguji II	: Dr. Hersulastuti, M.Hum NIP. 19650421198703 2 002		19/09 2019


Kauningan

Direktur Program Pascasarjana



  
Dr. Herman J. Waluyo, M.Pd  
NIK. 690 115 345

Ketua Program Studi

  
Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum  
NIP. 19609412 198901 1001

## PRATELA

Ingang tapak asma ing ngandhap punika, kula

Nama : Geni Purbatini

NIM : 1781100033

Jurusan/Program Studi : Bahasa Jawa/Pendidikan Bahasa

Program : Pascasarjana

Mratelakaken kanthi sayektosipun bilih tesis ingkang irah-irahanipun

Judul : **ANALISIS SOSIOLOGI LAN  
PENDHIDHIKAKARAKTER ING  
ANTOLOGI GEGURITAN *TEGAL  
NGRAJUG* ANGGITAN MAUFUR  
SARTA KANCA-KANCA  
MINANGKA BAHAN AJAR  
PIWUCALAN BASA JAWI ING SMA**

Menika seratan kula piyambak. Prekawis ingkang sanes asiling karya kula ing salebeting tesis punika dipunsukani tandha sitasi lan dipuntedahaken ing salebeting kapustakan.

Mbokbilih ing mangkenipun kabukten bilih pratela punika kula mboten leres, kula sagah nampi sanksi akademik inggih punika batalipun gelar magister Pendidikan saking Universitas Widya Dharma Klaten

Klaten, Agustus 2019



Geni Purbatini

Geni Purbatini



## **PISUNGSUNG**

Tesis punika kula pisungsungaken dhumateng:

1. Semah kula Sutari, anak kula Imam Bagus Mulyanto sarta Meylin  
Nurfadhilah ingkang tansah asung panjurung
2. Ibu kula Muslikha ingkang tansah paring katresnan sarta pitutur
3. Kanca-kanca seangkatan kelompok Slawi
4. Kanca-kanca guru ing SMA N 1 Kramat
5. Para sutresna basa lan sastra Jawi

## **MOTTO**

Sesungguhnya Allah tidak akan merubah nasib suatu kaum kecuali kaum itu sendiri yang mengubah nasibnya.

(Arra'd: 11)

Ngundhuh wohing pakarti

Setiap orang akan mendapatkan balasan setimpal apa yang diperbuatnya

## ATUR PANGANTAR

Kanthi ngaturaken pudy-puji syukur dumateng Ngarsanipun Gusti Allah SWT ingkang Maha Kuwaos amargi saking kanugrahan-Ipun satemah panaaliti saged ngrampungaken tesis ingkang irah-irahan “Analisis Sosiologi Sastra lan Pendhidhikan Karakter ing Antologi Geguritan *Tegal Ngrajug* Anggitan Maufur sarta Kanca-Kanca minangka Bahan Ajar Piwucalan Basa Jawiing SMA”. Tesis punika minangka salah satunggaling syarat kangge nggayuh drajat Magister Program Studi Pendidikan Bahasa Universitas Widya Dharma Klaten.

Jangkeping tesis punika amargi saking panjurung sarta pambiyantu saking sedaya pihak ingkang kanthi ikhlas maringi pamanggih, pamrayogi, sarta panyaruwe saengga tesis saged rampung. Atur agunging panuwun kula sampekaken dateng:

1. Prof. Dr. H. Triyono, M.Pd. Rektor Universitas Widya Dharma Klaten ingkang sampun paring fasilitas.
2. Prof. Dr. Herman J Waluyo, M.Pd minangka direktur Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten.
3. Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum. Ketua Program Studi Pendidikan Bahasa, Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten minangka dosen Pembimbing 1, ingkang sampun paring pangarah sarta panuntun salebeting ngrampungaken tesis punika.
4. Dr. Hersulastuti, M.Hum. Minangka Sekertaris Program Studi Pendidikan Bahasa, Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten ugi

minangka dosen Pembimbing 2 ingkang sampun paring arahan, panuntuns  
arta panjurung salebeting ngrampungaken tesis punika.

5. Kanca-kanca sarta sedaya pihak ingkang mboten saged dipunsebataken  
satunggal baka satunggal ingkang sampun paring panyengkuyung supados  
tesis punika rampung.

Paniliti sampun mbudidaya amrih tesis punika jangkep sarta sampurna,  
ananging panaliti punika anamung manungsa limrah ingkang mboten uwal saking  
kekirangan mila pamrayogi sarta panyaruwe saking kadang pamaos kula antu-  
antu.

Klaten, .....Agustus 2019

Panaliti

Geni Purbatini

NIM 1781100033



## DAFTAR ISI

PASARUJUKAN.....	ii
PANGESAHAN.....	iii
PRATELA.....	iv
PISUNGSUNG.....	v
MOTTO.....	vi
ATUR PANGLANTAR.....	vii
DAFTAR ISI.....	ix
DAFTAR LAMPIRAN.....	xii
<i>ABSTRAK</i> .....	xiii
SARIPATI.....	xiv
<i>ABSTRACT</i> .....	xv
BAB 1 PURWAKA.....	1
A. Lelarahaning Prakawis.....	1
B. Idhentitasing Prakawis.....	4
C. Wewatesaning prakawis.....	5
D. Rumusaning Prakawis.....	5
E. Ancasing Panaliten.....	5
F. Mumpangating Panaliten.....	6
BAB II LANDHESAN TEORI, PANALITEN INKGANG GAYUT, LAN	
RAGANGANING PAMIKIR.....	8
A. Landhesaning teori.....	8

1. Geguritan.....	8
2. Sosiologi Sastra.....	15
3. Pendhidhikan Karakter.....	19
4. Piwucalan Basa Jawi.....	25
5. Bahan Ajar.....	31
B. Panalitenkang Gayut.....	35
C. Raganganing Pamikir.....	39
BAB III METHODOLOGI PANALITEN.....	42
A. Methodologi Panaliten.....	42
B. Papanlan Wekdal Panaliten.....	44
C. Jinising Dhatalan Sumbering Dhata.....	46
D. Teknik lan Piranti Pangenalan Dhata.....	47
E. Teknik Pamariksaan Keabsahan Dhata.....	47
F. Teknik Analisis Dhata.....	48
BAB IV PIKANTUKIPUN DHATA SAHA PANGONCEKIPUN.....	51
A. Dhata ingkang Kapanggihaken.....	51
1. Struktur ing antologi geguritan <i>Tegal Ngrajug</i> .....	51
2. Sosiologi Sastra wonten ing antologi geguritan <i>Tegal Ngrajug</i> .....	92
a. Lelarahaning prakawis sosial.....	93
b. Sosiologi wonten ing antologi geguritan <i>Tegal Ngrajug</i> .....	94
3. Pendhidhikan Karakter ing antologi Geguritan <i>Tegal Ngrajug</i> .....	100
4. Pendhidhikan Karakter Antologi Geguritan <i>Tegal Ngrajug</i> Minangka Bahan Ajar ing Piwucalan Basa Jawiing SMA.....	114

B. Pangoncekipun Dhata.....	119
1. Struktur Geguritan.....	119
2. Analisis Sosiologi.....	123
3. Pendhidhikan Karakter.....	125
4. Nilai-Nilai Pendhidhikan Karakter Antologi Geguritan <i>Tegal Ngrajug</i> Minangka Bahan Ajar .....	125
BAB V DUDUTAN. IMPLIKASI, PAMRAYOGI.....	127
A. DUDUTAN.....	127
B. IMPLIKASI.....	129
C. PAMRAYOGI.....	131
KAPUSTAKAN.....	133
LAMPIRAN.....	137

## DAFTAR LAMPIRAN

Lampiran 1 buku antologi geguritan <i>Tegal Ngrajug</i> .....	136
Lampiran 2 RPP.....	137
Lampiran 3 Pedoman Wawancara.....	152
Lampiran 4 Catatan hasil wawancara.....	153

## **ABSTRAK**

Geni Purbatini NIM. 1781100033. “Analisis Sosiologi Sastra lan Pendhidhikan Karakter ing Antologi Geguritan *Tegal Ngrajug* Anggitan Maufursarta Kanca-Kanca Minangka Bahan Ajar Piwucalan Basa Jawi ing SMA. Tesis Program Studi Pendidikan Bahasa, Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten 2019.

Penelitian ini bertujuan untuk mendeskripsikan: struktur puisi, sosiologi sastra, nilai-nilai pendidikan karakter antologi geguritan *Tegal Ngrajug* serta pendidikan karakter tersebut digunakan sebagai bahan ajar pada pembelajaran bahasa Jawa di SMA.

Penelitian ini menggunakan jenis penelitian kualitatif deskriptif yang menganalisis isi. Data yang digunakan adalah analisis dokumen, hasil wawancara, dan buku-buku yang relevan dengan penelitian ini. Sumber data diambil dari buku antologi geguritan *Tegal Ngrajug* karangan Maufur dkk. Teknik pengumpulan data pembacaan, pencatatan, analisis dokumen serta wawancara. Validasi data menggunakan triangulasi sumber data, metode, dan teori. Teknik analisis data meliputi pengumpulan data, reduksi data, penyajian data, dan kesimpulan.

Hasil penelitian ini menunjukkan bahwa antologi geguritan *Tegal Ngrajug* (1) memiliki struktur fisik dan batin, (2) latar belakang sosial penciptaan puisi adalah karena kondisi masyarakat dan pemerintahan kota Tegal yang carut marut, (3) antologi geguritan *Tegal Ngrajug* memiliki nilai-nilai pendidikan karakter yaitu religius, jujur, disiplin, kerja keras, demokrasi, menghargai prestasi, bersahabat, cinta damai, peduli sosial, serta tanggung jawab, (4) nilai-nilai pendidikan karakter tersebut dapat digunakan sebagai bahan ajar pada pembelajaran bahasa Jawa di SMA.

Kata Kunci :Sosiologi sastra, Pendidikan karakter, Bahan ajar

## SARIPATI

Geni Purbatini NIM. 1781100033. “Analisis Sosiologi Sastra lan Pendhidhikan Karaktering Antologi Geguritan *Tegal Ngrajug* Anggitan Maufur sarta Kanca-Kanca Minangka Bahan Ajar Piwucalan Basa Jawi ing SMA. Tesis Program Studi Pendidikan Bahasa, Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten 2019.

Panaliten punika nggadhahi ancas kanggen deskripsikaken: struktur puisi, sosiologi sastra, nilai-nilai pendhidhikan karakter antologi geguritan *Tegal Ngrajug* serta pendhidhikan karakter kalawau saged dipunginakaken minang kabahan ajar wonten ing piwucalan basa Jawi ing SMA.

Panaliten punik angginakaken jinising panaliten kualitatif deskriptif ingkang nganalisis isinipun. Dhata ingkang dipunginakaken punika analisis dokumen, kasiling wawancara, sarta buku-buku ingkang relevan kaliyan panaliten punika. Sumber dhata dipunpendet saking buku antologi geguritan *Tegal Ngrajug* anggitanipun Maufur sarta kanca-kanca. Teknik pangempalaning dhata ngginakaken waosan, seratan, analisis dokumen sarta wawancara. Validasi dhata ngginakaken triangulasi sumber dhata, metode, sarta teori. Teknik analisis dhata kadosta pangempalan dhata, reduksi dhata, panyajen dhata, sarta dudutan.

Kasilipun panaliten nedhahaken menawi antologi geguritan *Tegal Ngrajug* (1) nggadhahi struktur fisik sarta bathin.(2) lelarahaning sosial panganggit ing geguritan punika amargi kawontenan masarakat sarta pamarentahan kotaTegal ingkang burak rantak.(3) antologi geguritan *Tegal Ngrajug* nggadhahi nilai-nilai pendhidhikan karaktere ringgih punika: religius, jujur, disiplin, kerja keras, demokrasi, menghargai prestasi, bersahabat, cinta damai, peduli sosial, serta tanggung jawab.(4) nilai-nilai pendhidhikan karakter kasebat saged dados bahan ajar piwucalan basa Jawi ing SMA.

Kata Kunci :Sosiologi sastra, Pendidikan karakter, Bahan ajar

## ***ABSTRACT***

Geni Purbatini, NIM 1781100033. The Analysis of Sociology of literature and Education character in Philosophical Anthology *TegalNgrajug* written by Maufur with his friends for learning material of Javanese Language at SMA. The Thesis of Language educational Programm of Widya Dharma University of Klaten 2019.

The purpose of the research is to describe poem structure sociology of Literature, the values of educational character as used learning material in Javanese language Learning of SMA.

This research uses descriptive qualitative research that analyzes content. The data wich is used in this research are analysis document, the result of interview, and the relevant books in this research. The source of data is taken from the book of philosophical Antology of *Tegal Ngrajug* written by Maufur and his friends. The technique of the data collection with reading, recording, document analysis and also interview. Data validation used triangulation of data source, methods, and theories. The data analysis Technique conducted by interactive model consisted of: data reduction, data presentation data, and conclusion.

The result of the research showed that philosophical anthology of *Tegal Ngrajug*: (1) Having physic and spiritual structure, (2) the background of poem creation was because of the condition of society and the state of Tegal government was chaotic, (3) The philosophical Anthology *Tegal Ngrajug* has the character educational value like religion, honest, discipline, hard work, democracy, regognition of achievement, friendship, love of piece, social care, and responsibility, (4) the values of character education can be used as teaching material in learning Javanese in high school.

Keyword; sociology of literature, Education character, learning material



## **BAB I**

### **PURWAKA**

#### **A. Lelarahaning Prakawis**

Karya sastra punika minangka wujud lan kasil satunggaling pedamelan kreatif minangka dasaripun piranti kangge ndayakaken basa kangge kacabenggala panguripaning manungsa. Amargi karya sastra punika rancakipun nggadahi isi masalah pagesangan. Karya sastra punika kangge ngeksistensi awakipun piyambak. (Sarjidu: 2004). Karya sastra fiksi nyariosaken pagesangan manungsa ingkang gegayutanipun pribadi manungsa kaliyan manungsa tuwin manung sakaliyan Gusti minangka ingkang kagungan gesang (Nugiyantoro: 2005). Karya sastra ingkang dipunmaksud inggih punika karya sastra prosa/gancaran lan puisi/geguritan.

Geguritan punika salah satunggaling karya sastra ingkang dipunremeni sadengahing masyarakat amargi kanthi geguritan punika sedaya panguneg-uneg menapa imajinasi saged dipunekspresikaken lumantar tembung-tembung kang endah.

Geguritan/puisi Jawi modern punika dipunwiwiti tahun 1929 ing kalawarti kejawen. Geguritan dipunpelopori dening R. Intoyo kaliyan Subagyo Ilham Notodijoyo (Suripan: 1975). Miturut asalipun tembung geguritan saking tembung ‘gurit’ ingkang ateges kidung, tembang utawi seratan ingkang awujud ukiran utawi tatahan. Geguritan punika boten dipuntembangaken ananging dipunwaos kanthi ngangge wirama, wiraos, lan wiraga manut suraosnipun. Geguritan

kaperang dados kalih inggih punika geguritan tradhisional kaliyan geguritan modern. Geguritan tradhisional punika kaiket paugeran-paugeran tartamtu kadosta guru gatra, guru wilangan tuwin guru lagu. Ingkang kalebet geguritan tradhisional inggih punika parikan, wangsalan, tembang macapat, tembang tengahan, tembang gedhe. Menawi geguritan modern boten dipunwatesi kados geguritan tradhisional. Ingkang baken inggih punika pamileting tembung/diksi.

Materi geguritan ing piwuca lan basa Jawi SMA kurikulum 2013 wonten ing kelas XII semester 1 inggih punika Kompetensi Dasar (KD) 3.2 ‘Menelaah teks geguritan’ kaliyan KD 4.2 ‘Menulis geguritan dan Membacanya’. Wonten kompetensi dasar punika ateges siswa kedah nggadahi kawasisan kangge nelaah kaliyan nyerat sarta maos geguritan.

SMA N 1 Kramat punika SMA wonten ing daerah pesisir ler KabupatenTegal, ingkang nota bene basanipun ngapak utawi ngginakaken basa Jawi dialek Tegal. Mila masyarakat sakupengipun inggih tamtunipun menawi wicanten boten kados basa Jawi daerah Semarang menapa Solo. Kosa kata menapa struktur basa Jawinipun tamtu geseh utawi benten kaliyan daerah Semarang- Solo. Kawontenan ingkang kadosmekaten ndadosaken para siswa rumaosawrat anggenipun sinau babagan geguritan, mila para dwija basa Jawi kedah ngupados kadospundi anggenipun pembelajaran basaJaw ipunika saged rancag, nengsemaken tumrap siswa. Supados piwucalan basa Jawi saged rancag mila para dwija kedah migunakaken salah satunggaling model, teknik utawi metode supados piwucalan babagan materi geguritan saged rancag, remen tuwin antusias tumraping siswa.

Geguritan punika saged dipunanalisis struktur bathin kaliyan struktur fisik. Inggih kalebet struktur bathin geguritan inggih punika tema, nada, lan suasana/kahanan, amanat dene struktur fisik geguritan inggih punika bunyi/swara, tembung (pamileting tembung, denotasi lan konotasi, basa kiasan, citraan), tipografi, imaji, rima, ritma, metrum.

Antologi geguritan *Tegal Ngrajug* punika salah satunggaling geguritan – geguritan ingkang abasa Jawi dialek Tegal. Sejatosisipun sampun kathah geguritan ingkang ngangge basa Jawi dialek Tegal ananging panaliti milet antologi geguritan *Tegal Ngrajug* amargi geguritan punika basanipun migunakaken basa Jawi dialek Tegal saengga siswa gampil anggenipun maos lan mangertosi geguritan kalawau. Wonten ing geguritan *Tegal Ngrajug* punika ugi nggadhahi nilai-nilai pendhidhikan karakter ingkang saged kapendhet kangge piwucalan basa Jawi ing pawiyatan. Kanthi siswa saged maos sarta mahami geguritan *Tegal Ngrajug* punika satemah para siswa gampil anggenipun nyinau sosiologi karya sastraipun lan gampil anggenipun nganalisis pendidikan karakteripun, saengga mangke nilai-nilai pendhidhikan karakter punika saged dipuntrepaken wonten ing tindak-tanduk utawi solah bawa sarta tata krama saben dintenipun ing pagesangan.

Wonten Antologi geguritan *Tegal Ngrajug* punika nggadhahi suraos kritik sosial tumraping *kepemimpinan* ingkang korup ingkang nyebabaken *tata pemerintahan* burak-rantak sarta kawula alit kesrakat amargi panguwaos ingkang adigang, adigung lan adiguna. Kanthi suraosing kang wonten geguritan *Tegal Ngrajug* punika saged dipunpendhet nilai moral inggih punika kadospundi moral

ingkang kedah dipungadhahi satunggaling panguwaos nagri utawi daerah ingkang leres.

Geguritan *Tegal Ngrajug* ugi nggadhahi tetembungan ingkang arupi sindiran ngantos tetembungan ingkang kasar minangka miyosaken raos pangraosing panggurit ingkang boten remen dateng panguwaosing wilayah ingkang jaman semanten. Ngantos panguwaosing wilayah punika dipuntangkap tangan dening Komisi Pemberantasan Korupsi (KPK) amargi wonten satunggaling kasus.

## **B. Idhentitasing Prakawis**

Adhedhasar lelarahan ingkang sampun kaandharaken ing nginggil mila idhentitas ing prakawis saged dipunjlentrehaken kados mekaten:

1. Para siswa rumaos awrat anggenipun sinau bab geguritan amargi basanipun migunakaken basa Semarang-Solo.
2. Antolog igeguritan *Tegal Ngrajug* minangka salah satunggaling geguritan abasa Jawa dialek Tegal minangka salah satunggaling *solusi* siswa supados gampil anggenipun sinau bab geguritan.
3. Antologi geguritan *Tegal Ngrajug* nggadhahi nilai-nilai pendhidhikan karakter ingkang saged dipunpendhet minangka pandomaning ngagesang wonten ing sadengahing bebrayan agung.
4. Kanthi wontenipun sosiologi karya sastra ing antologi geguritan *Tegal Ngrajug*, para siswa saged tepang sarta nyikapi kaliyan kawontenan sosia ling lingkunganipun amargi tumindak ing panguwaos nagri ingkang mboten

amanah, saengga saged dipundadosaken kaca benggala mangke menawi mbenjing dados satunggaling panguwaos nagri.

### **C. Wewatesaning Prakawis**

Supados panaliten punika mboten mbalabar lan mboten uwal saking prakawis ingkang gumathok, mila panaliti badhe matesi masalah ingkang badhe kaandaraken inggih punika nganalisis struktur, nganalisis sosiologi sastra antologi geguritan *Tegal Ngrajug* kaliyan nganalisis pendidikan karakter ingkang wonten geguritan kalawau sarta asiling analisis kangge bahan ajar piwucalan basa Jawi mliginipun materi geguritaning SMA.

### **D. Rumusaning Prakawis**

Adhedhasar lelarahaning perkawis ingkang sampun kaandaraken panaliti nemtokaken rumusan prakawis inggihpunika :

1. Kadospundi struktur geguritan wonten ing antologi geguritan *Tegal Ngrajug* punika?
2. Kadospundi sosiologi karya sastra wonten ing antologi geguritan *Tegal Ngrajug* punika?
3. Nilai-nilai pendidikan karakter punapa kemawon ingkang dipunpanggihi wonten ing antologi geguritan *Tega INgrajug* punika?
4. Menapa nilai-nilai pendhidhikan karakter ingkang dipunpangguhaken saged kangge bahan ajar piwucalan basa Jawi ing SMA?

### **E. Ancasing Panaliten**

Panaliten punika nggadhahi ancas inggih punika:

1. Nggambaraken lan mbabaraken struktur geguritan ingkang wonten ing antologi geguritan *Tegal Ngrajug*
2. Ngandharaken sosiologi karya sastra ingkang wonten ing antologi geguritan *Tegal Ngrajug*.
3. Ngandharaken nilai-nilai pendidikan karakter ingkang wonten ing antologi geguritan *Tegal Ngrajug*.
4. Ngandharaken nilai-nilai pendhidhikan karakter kalawau kangge bahan ajar ing piwucalan basa Jawi ing SMA.

#### **F. Mumpangating Panaliten**

Panaliten punika kaangkah saged nggadhahi mumpangat tumrap piwucalan basa Jawi. Mumpangat panaliten inggih punika :

##### 1. Mumpangat Teoritis

Panaliten punika kaajab saged nambah *khasanah ilmu pengetahuan*, mliginipun ilmu sastra kaliyan nilai pendidikan karakter ingkang wonten ing antologi geguritan *Tegal Ngrajug* sarta gegayutanipun kaliyan piwucalan basa Jawi.

##### 2. Mumpangat Praktis

- a. Saged nambah wawasan kaliyan kawruh guru, babagan analisis sosiologi sastra kaliyan nilai karakter pendidikan.
- b. Saged nambah kawruh sarta madosi alternative piwucalan kang trep babagan geguritan saengga siswa minat lan antusias wonten ing piwucalan basa Jawi.

- c. Panaliten punika kaajab supados siswa saged mendhet mumpangatipun nilai-nilai pendhidhikan karakter ing geguritan punika saged katrepaken wonten ing ngagesang ing bebrayan ageng.
- d. Kasil panaliten punika saged dipunbandingaken kaliyan panaliten sanesipun ingkang badhe nindakaken panaliten ingkang sami.



## BAB V

### DUDUTAN, IMPLIKASI, PAMRAYOGI

#### A. Dudutan

Dhasar saking asilipun analisis dhata sarta pangoncekipun dhata, saged dipunpendhet dudutan kados ing ngandhap punika:

Struktur wangunan ing satunggaling puisi nggadhahi struktur fisik lan struktur bathin. Struktur-struktur puisi punika nyawiji mboten saged jumeneng piyambak-piyambak amargi antawisipun struktur fisik kaliyan bathin tansah ginayutan nggadhahi sifat fungsional. Ingkang kalebet struktur fisiki nggih punika diksi, lelewaning basa/majas, rima/ritma/purwakanthi, sarta tipografi. Dene ingkang kalebet struktur bathin inggih punika tema, pangraosing panggurit, nada/sikap panggurit, amanat, suasana.

Ing antologi geguritan *Tegal Ngrajug* ugi nggadhahi struktur wangunan inggih punika struktur fisik sarta struktur bathin. Struktur fisik inggih punika struktur wangunan saking njawi dene struktur bathin punika struktur makna pangraosing panggurit ingkang dipunwedalaken.

Antologi geguritan *Tegal Ngrajug* dipunripta dening panggurit wonten ing kawontenan masarakat sarta pamarentahan kotaTegal ingkang nembe burak rantak amargi kathah kebijakan pamarentah ingkang mboten mbelani kapentinganipun masarakat sarta tumindakipun walikota ingkang arogan, degsiya, korup, sarta sakersanipun piyambak. Kawontenan menika ndadosaken sengsaranipun masarakat Tegal.

Para panggurit ningali sarta ngraosaken kawontenan punika sarta ngraosaken prihatos, duka, mangkel, malah pingin males menapa ingkang sampun katindakaken. Amargi kajurung manah ingkang mekaten panggurit ngripta geguritan-geguritan ingkang kakempalaken ing antologi geguritan *Tegal Ngrajug* ingkang dipunpandegani Bapak Maufur. Geguritan-geguritan punika ngginakaken basa Jawa dialek Tegalan ingkang basanipun lugas lan mboten tedeng aling-aling.

Ing antologi geguritan *Tegal Ngrajug* walikota Tegal dipunsymbolaken sintren ingkang ayu saweg mbeksa kanthi gandhes luwes ananging tumindak durjana. Malah wonten ingkang dipunsymbolaken kadosdene kucing ingkang cluthak. Kathah simbol-simbol ingkang dipunginakaken ing geguritan-geguritan punika ingkang katujokaken dateng sang panguwaos pamarentahan.

Antologi geguritan *Tegal Ngrajug* nggadhahi nilai-nilai pendhidhikan karakter. Sedasa nilai pendhidhikan karakter salebetipun antologi geguritan *Tegal Ngrajug* saged dipunimplementasikaken wonten ing penilaian sikap inggih sikap spiritual sarta sikap sosial. Sikap spiritual punika mlebet ing nilai pendhidhikan karakter religius, kerja keras, sarta bersahabat. Menawi penilaian sikap sosial mlebet ing pendhidhikan karakter jujur, dhisiplin, tanggung jawab, cinta damai, peduli sosial, demokrasi, bersahabat, sarta kerja keras.

Buku antologi geguritan *Tegal Ngrajug* sarat sanget menawi dipundadosaken bahan ajar piwucalan Basa Jawi ing pawiyatan SMA ing Kabupaten Tegal, amargi ing buku kasebat geguritan-geguritanipun nggadhahi nilai-nilai pendhidhikan karakter ingkang laras sanget kangge piwucalan basa Jawi. Kanthi wontenipun nilai pendhidhikan karakter punika ateges

anyengkuyung ndhidhik para siswa supados nggadhahi tingkah laku/solah bawa/budi pekerti ingkang sae.

Buku antologi geguritan *Tegal Ngrajug* ngginakaken basa dialek Tegalan, saengga menawi buku kasebat dados bahan ajar trep sanget kangge para siswa ingkang manggen ing daerah-daerah pesisir ler kilen Jawa Tengah ingkang notabene basanipun ngapak. Amargi basanipun ngginakaken dialek Tegalan para siswa gampang anggenipun sinau bab geguritan punika.

Antologi geguritan *Tegal Ngrajug* ugi nggambaraken kondisi sarta kawontenan masarakat ing daerahTegal ingkang nggadhahi karakteristik Tegal sanget, mila buku kasebat laras kaliyan sarat nyusun bahan ajar punika kedhah dipunlarasaken kaliyan kondisi sarta karakteristik lingkungan siswa ing daerahipun.

## **B. Implikasi**

Implikasi teoritis wonten panaliten inggih punika wawasan ingkang gsaged dipunpendhet pamaos sasampunipun maos kasiling panaliten. Analisis ingkang wonten ing antologi geguritan *Tegal Ngrajug* nggadhahi implikasi teoritis inggih punika kanthi maos panaliten punika pamaos saged mangertos menawi geguritan

*Tegal Ngrajug* kalebet geguritan modern ingkang mardhika mboten kaiket dening paugeran tartamu mboten kados geguritan tradhisional. Geguritan *Tegal Ngrajug* kawangun saking kalih unsur/struktur inggih punika struktur fisik sarta struktur bathin. Punika laras kaliyan pamanggihipun panaliten Eko Sri Israhayu wonten ing tesisipun ingkang sesirah *Telaah Historis, Sosiologis, dan Estetis*

*Puisi-puisi “Malu (Aku) Jadi Orang Indonesia” Karya Taufik Ismail* ingkang ugi analisis struktur geguritanipun.

Wonten ing geguritan *Tegal Ngrajug* kriptana dening para panggurit amargi kajurung ningali kawontenan masarakat sarta pamarentahan Tegal ingkang burak rantak amargi saking tumindak panguwaos ingkang angkara. Prastawa punika dipuntitikani wontenipun Operasi Tangkap Tangan walikota Tegal dening Komisi Pemberantasan Korupsi nalika dinten Selasa tanggal 29 Agustus 2017. Andharan kasebat nggambaraken analisis satunggaling karya sastra inggih punika analisis sosiologi karya sastra.

Analisis sosiologi karya sastra ingkang sampun kasebataken punika

Antologi geguritan *Tegal Ngrajug* ngandhut nilai-nilai moral ingkang saged dipunlebetaken dados nilai pendhidhikan karakter. Nilai-nilai pendhidhikan karakter ing antologi geguritan *Tegal Ngrajug* punika saged dipunginakaken kangge penilaian sikap wonten ing piwucalan basa Jawa pawiyatan SMA ing Kabupaten Tegal.

Ing antologi geguritan *Tegal Ngrajug* saged dipunpendhet saripathinipun inggih punika nilai-nilai moral utawi pendhidhikan karakter ingkang wonten salebetipun geguritan *Tegal Ngrajug*. Nilai-nilai moral punika saged dados pandoming tumindak ing bebrayan ageng. Kawontenan pamarentahan ingkang semrawut punika saged dados kacabenggala menawi dados satunggaling panguwaos kedhah amanah dating tanggel jawabipun, ngayahi jejibahan ingkang jujur mboten korup, mboten deksiya dating andhahanipun, pro kaliyan rakyat,

sarta mboten adigang adigung adiguna. Jabatan naming titipan sawekdal-wekda lsaged ical. Mila menawi saweg dados panguwaos mboten aji mumpung.

Para dwija saged ngginakaken antologi geguritan *Tegal Ngrajug* minangka bahan ajar ing piwucalan basa Jawi mliginipun ing K.D 3.2 ‘Menelaah teks geguritan’ kaliyan KD 4.2 ‘Menulis geguritan dan Membacanya’ kelas XII semester 1. Amargi ing buku kasebat nggadahi nilai-nilai pendhidhikan karakter ingkang saged dipunwucalaken wonten ing pawiyatan.

Kasilipun panaliten punika saged dados rujukan kangge ningkataken panaliten ilmiah mliginipun kajian struktural, sosiologi, sarta pendhidhikan karakteripun. Ugi saged dados rujukan kangge landhesan teori ing panaliten ilmiah sarta saged dados referensi panaliten ing salajengipun.

### **C. Pamrayogi**

Kangge para dwija prayoginipun buku antologi geguritan *Tegal Ngrajug* saged dados bahan ajar ing piwucalan basa Jawi SMA ing KabupatenTegal sarta daerah pesisir ler kilen Jawa Tengah amargi basa ingkang dipunginakaken basa Jawi dialek Tegal sarta ing salebetipun buku punika kathah nilai-nilai pendhidhikan karakter ingkang saged dipunpendhet kangge penilaian sikap ing piwucalan sarta tuntunan moral wonten ing sakupenging pawiyatan.Sanesipun ing antologi geguritan *Tegal Ngrajug* ugi wonten unsur estetis sarta sosiologi sastranipun.

Kangge masarakat, wontenipun buku antologi geguritan *Tegal Ngrajug* nedahaken menawi ing daerahTegal punika kathah sastrawan ingkang taksih nguri-nguri basa dialek Tegalan saengga dialek Tegalan mboten punah.

Kangge para pamaos antologi geguritan *Tegal Ngrajug* saged mendhet suraosing geguritan kasebat dados kacabenggala ing jagading pasrawungan sarta nglampah ing donyaning ngagesang.

## KAPUSTAKAN

- Ali, Mudlofir. 2011. *Aplikasi KTSP dan bahan Ajar dalam Pendidikan Islam*. Jakarta: Raja Wali Pers.
- Budianta, Melani, dkk. 2002. *Membaca Sastra (Pengantar Memahami Sastra untuk Perguruan Tinggi)*. Magelang: Indonesia Tera.
- Damono, Sapardi Djoko. 1984. *Sosiologi Sastra Sebuah Pengantar Ringkas*. Jakarta : Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Daryanto. 2014. *Pendekatan Pembelajaran Sainifik Kurikulum 2013*. Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Depdiknas. 2008. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.
- Depdiknas. 2006. Permendiknas No 22 Tahun 2006 Tentang Standar Isi Direktorat Pembinaan Sekolah Menengah Atas. (2008). Panduan.
- Faruk. 2010. *Pengantar Sosiologi Sastra dari Strukturalisme genetik sampai Post-Modernisme*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Gaffar, Fakry, 2010, *Pendidikan Karakter Berbasis Islam*. (disampaikan pada Workshop Pendidikan Karakter Berbasis Islam, 08-10 April 2010 di Yogyakarta).
- <https://ridwan202.wordpress.com/nilai.sikappada,k13/diunduh> 07/08/2019
- Kemdiknas. 2010. *Pengembangan Pendidikan Budaya dan Karakter Bangsa*. Jakarta : Puskur-Balitbang, Kemdiknas.
- Kesuma, Dharma, Dkk. 2012. *Pendidikan Karakter*. Cetakan ketiga. Bandung: PT RemajaRosdakarya.
- Khan, D. Yahya. 2010. *Pendidikan Karakter Berbasis Potensi Diri*. Yogyakarta: Pelangi Publishing.
- Koesnandar. 2008. *Pengembangan Bahan Ajar Berbasis Web*. [Online]tersedia di <http://www.teknologipendidikan.net> diakses tanggal 22 Desember 2018.
- Lestari, I. 2013. *Pengembangan Bahan Ajar Berbasis Kompetensi (Sesuai dengan Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan)*. Padang: Akademia Permata.



- Luxemburg, Jan Van dkk. 1984. *Pengantar Ilmu Sastra* (Terjemahan Dick Hartoko). Jakarta: Gramedia.
- Maufur, dkk. 2018. *Tegal Ngrajug (Kumpulan Puisi Bahasa Tegal)*. Tegal: LPP Limamedia Tegal.
- Maufur, dkk. 2018. *Salah Kelola Tragedi Kota Tegal*. Tegal. LPP Limamedia Tegal
- Nurgiyantoro, B. 2005. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: UGM Press.
- Permendikbud. 2016. *Peraturan Menteri Pendidikan dan Kebudayaan Republik Indonesia, Nomor 23, Tahun 2016, tentang Standar Penilaian Pendidikan*.
- Perda Jawa Tengah .2012. *Peraturan Daerah Nomor 9, Tahun 2012, tentang Bahasa, Sastra, dan Aksara Jawa*.
- Pradopo, Rachmad Djoko. 2017. *Pengkajian Puisi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Prastowo, Andi. 2011. *Panduan Kreatif Membuat Bahan Ajar Inovatif: Menciptakan Metode Pembelajaran yang Menarik dan Menyenangkan*. Yogyakarta: DIVA Press.
- Rahayu, Eko Sri. 2007. *Telaah Historis, Sosiologis, dan Estetis Puisi-Puisi Malu (Aku) Jadi Orang Indonesia karya Taufik Ismail, Tesis, Universitas Diponegoro*.
- Rahmadayanti, Putri. 2017. *Penguatan Pendidikan Karakter Bagi Siswa Sekolah Dasar Melalui Kearifan Lokal*. *Jurnal*, 3, 201-214.
- Sadi Hutomo, Suripan. 1975. *Telaah Kesusastraan Modern*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Samani, Muchlas, Hariyanto. 2011. *Konsep dan Model Pendidikan Karakter*. Bandung: Remaja Rosdakarya.
- Sarjidu. 2004. *Dasar dan Teknik Penelitian Kualitatif*. Jakarta: Pustaka Pelajar.
- Siswati, dkk. 2018. *Implementasi Pendidikan Karakter dalam Membentuk Sikap dan Perilaku Sosial Peserta didik Melalui Pembelajaran Sejarah di SMA PGRI 1 Pati Tahun Pelajaran 2017/2018*. *Jurnal*, 6(1) 1-13
- Sayuti, Suminto A. 1998. *Pengantar Apresiasi Sastra*. Yogyakarta: LP3S (Diktat).

- Soekanto, Soerjono. 1990. *Sosiologi: Suatu Pengantar*. Jakarta: Rajawali Press.
- Solihati, Nani. 2017. Aspek Pendidikan Karakter dalam Puisi Hamka. *Jurnal Litera*, 16, 51-63.
- Subalidinata. 1994. *Kawruh Paramasastra Jawa*. Yogyakarta: Yayasan Pustaka Utama.
- Sugiyono. 2008. *Metode Penelitian Pendidikan (Pendekatan Kuantitatif, Kualitatif dan R&D)*. Bandung: Alfabeta.
- Sulistiyawan. 2013. Analisis Stilistika dan Nilai-Nilai Pendidikan dalam Geguritan Solopos Bulan Desember 2012 serta Relevansinya dengan Pembelajaran Bahasa Jawa di sekolah, *Tesis*, UNS.
- Sunarya, Adi. 1993. Bahasa di dalam Strategi Kebudayaan. Di dalam *Majalah Kebudayaan Nomor 5* tahun III 1993/1994, Jakarta.
- Suparman, M. Atwi. 2012. *Desain Instruksional Modern*. Jakarta: Erlangga.
- SK Gubernur Jawa Tengah .2010. *Surat Keputusan Gubernur Jawa Tengah, Nomor 423.5/5/2010 tentang Kurikulum Muatan Lokal Bahasa Jawa (Bahasa Jawa) untuk Jenjang Pendidikan SD/SDLB/MI, SMP/SMPLB/MTs Negeri dan Swasta Provinsi Jawa Tengah*.
- Sutikno, M. Sobry. 2004. *Menuju Pendidikan Bermutu*. Mataram: NTP Press.
- Suyitno, Imam. 2012. Pengembangan Pendidikan Karakter dan Budaya Bangsa Berwawasan Kearifan Lokal. *Jurnal Pendidikan Karakter*, II, 1-13.
- Syahrizal dkk. 2013. Kajian Sosiologi Sastra dan Nilai Pendidikan Karakter dalam Novel Tuan Guru Karya Salman Fariz. *Jurnal Pendidikan Bahasa dan Sastra*, I, 54-68.
- Syamsudin dan Vismaia D, S, 2007. *Metode Penelitian Bahasa*. Cetakan kedua Yogyakarta: Penerbit Gava Media.
- Tannir, Abir dan Al-Hroub, Anies. 2013. *Effects of character Education on the Self-Esteem of Intellectual Able and Less Elementary Students in Kuwait*. *Journal*.1, 28
- Tarigan, Henry Guntur. 1984. *Prinsip-prinsip Dasar Sastra*. Bandung: Angkasa
- Waluyo, Herman J. 1991. *Teori dan Apresiasi Puisi*. Jakarta: Erlangga.

- Wahyuni, R. 2014. *Kitab Lengkap Puisi, Prosa, dan Pantun Lama*. Jakarta: Saufa.
- Wellek dan Warren. 1990. *Teori Kesusastraan*. Terjemahan Melani Budianta. Jakarta: Gramedia.
- Yusuf, M.R., Herman, J.W., dan Kundharu, S. 2017. Kajian Sosiologi dan Pendidikan Karakter dalam Novel *Nun* pada Sebuah Cermin Karya Afifah Afra serta Relevansinya dengan Bahan Ajar di SMA. *Jurnal Pendidikan Indonesia*, 6, 16-27